Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 19-20 (7160)
15 май 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

## «Бадиб магIу хулараб» букIана праздник

(Районалда - Бергьенлъиялъул къо)






***9 маялъ цицудунаб радал гIужалдаса нахъего кIудияб чIаголъи букIана Шамильхъалаялда. ВатIанияб рагъул соназул кучIдуз тIад босун букIана гьеб. Райадминистрациялъул майданалде чвахxун бачIана школазул ва хIалтIул коллективазул колоннаби. Гьезухъ руго байрахъал, трансфорантал гурелги, жидерго рагъул ветераназул суратални. Президиумалда руго районалъул нухмалъулел, захIматалъул ветеранал, рагъулал хъулухъазул гIадамал, къокъго абуни рагъул ва захIматалъул соназул нугIзал. ЦIаралккун абуни, райадминистрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадов, захIматалъул ветеранал М. ХIажиев, И. ГIадуев, С. МухIамадов, М. ХIусейнов, ХI. Валиев, рагъулал хъулухъаздаса Н. Манасов, районалъул имам ГIалихIажи ва гIемерал цогидалги.***

КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялде буссараб роххалилаб митинг байбихьилалде, Бергьенлъиялъул музыкаялда гъоркь майданалда рагьана ВатIанияб рагъда хваразе обелиск (сураталда гъоркьехун). Бергьенлъиялъул къоялде буссараб данделъи рагьана районалъул культураялъул управлениялъул нач. ХI. МухIамадовас ва кIалъазе рагIи кьуна райадминистрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовасе. Гьес баркиялъул кIалъаялда гъваридго бицана рагъул соназда улкаялда, Дагъистаналда ва районалда букIараб ахIвалхIалалъул.

КIалъазе рагIи кьуна районалъул имам ГIалихIажиясе. Гьес абуна гьаб заманалда камулел гьечIин Гитлер бергьаравани лъикIаб букIунаанин абулелги. – Гьедин ракIалде ккезецин бегьуларо нилъеда,-ян абуна гьес. Иманалдаса буго ВатIан бокьиги гьеб цIуниги. Лъиего бокьуларо зулмо. Гитлерилаз басра гьаруна улкаялъул гIемерал шагьарал, росаби, гъурана гIалам. Гьес хиял гьабулеб букIана дунялалдаго кверщел гьабизе. Зулмочи кивго веццарав гьечIо. Аллагьас нилъ зулмочагIаздасаги гьеб нилъецаго гьабиялдасаги цIунаги! Гьес районалъе гьабуна дугIаги.

*(Ахир 6 гьумералда)*

## Росабалъ – Бергьенлъиялъул парадал



КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул праздникалда цебе районалъул киналго росабалъ тIоритIана Бергьенлъиялъул парадал. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъабиги.

Гьединал тадбирал чанго соналъ рехун тун рукIана районалда. Исана райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул хIаракаталдалъун гьел киса-кирего ана гIадамазул жигараб гIахьаллъигун.

## Рагъулаб нух лъазабуна

Гьал къоязда Шамильхъала поселокалда гьоркьохъеб школалда букIана КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьаралдаса ахиралде, ай Берлиналде щвезегIан рагъулаб нух нахъа тарав Унсоколо росу лъа бахIарчияв рагъухъан ХIасан ГъазимухIамадовасул рагъулаб нухалъул бицунеб тадбир. Гьеб гьабуна республикаялъул тарих бакIариялъул къецазда тIоцебесеб бакI ккурал I0 классазул цIалдохъабаз. Гьезие нухмалъи гьабулеб букIана учительница Умукусум МухIамадовалъ. Гьез ХI. ГъазимухIамадовасул хIакъалъулъ материал бакIарана улкаялъул гIемерал музеязде ва рагъулал




бакIаздеги хъван (гьелъул хIакъалъулъ нижеца хадубккун бицине буго).

*(Ахир 6 гьумералда)*

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН, УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН,

## Собрание депутатов муниципального района

### *РЕШЕНИЕ*

### *О внесении изменений в Решение Собрания депутатов «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2015 год и плановый период 2016 и 2017 гг.» от 29 декабря 2014 года №134*

Принято Собранием депутатов муниципального района от « 18 » апреля 20 15 г. № 142

В соответствии со справками – уведомлениями Министерства финансов Республики Дагестан об изменениях бюджетной росписи, Распоряжениям, Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив представленный проект уточнения бюджета МО «Унцукульский район» на 2015 год и плановый период 2016 и 2017 гг.

Собрание депутатов муниципального района

РЕШИЛО:

Внести изменения:

**Статья 1. Основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2015 г. и на плановый период 2016 и 2017 гг.**

1. Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2015 г. и на 2016 и 2017 гг.:

1) прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2015 год в сумме 597330,4 тыс. руб., в том числе общий объем межбюджетных трансфертов, получаемых из республиканского бюджета, в сумме 540351,4 тыс. руб., в том числе: субвенция из регионального фонда компенсаций на исполнение полномочий по расчету и распределению дотации поселениям, входящим в состав муниципального района – 48027,0 тыс. руб.;

2) общий объем расходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2015 год в сумме 607420,633 тыс. руб.;

3) верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2016 года в сумме 1376.5 тыс. руб., в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 1376.5 тыс. рублей;

4) предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2015 год – 0 тыс. рублей;

5) дефицит районного бюджета МО «Унцукульский район» - 10090,233 тыс. рублей.

2. Утвердить источники внутреннего финансирования дефицита районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2015 год согласно приложению №13 к настоящему решению.

Утвердить изменения, произведенные в бюджете согласно приложениям №1,3,7,8,11,13,18,19 к настоящему решению, в том числе:

1. Средства межбюджетных трансфертов из республиканского бюджета, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в общей сумме 8233,365 тысяч рублей, в том числе:

1.1. Средства, субсидий, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в сумме 259,777 тысяч рублей направить:

- Администрации района – 259,777 тыс. рублей в соответствии с целевым назначением на обеспечение мероприятий по переселению граждан из аварийного ж/ф, с учетом необходимости малоэтажного жилищного строительства на разницу площади при переселении граждан из аварийного ж/ф за счет средств бюджетов.

1.2. Средства иных межбюджетных трансфертов, передаваемые по решениям органов власти, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в общей сумме 7978,588 тысяч рублей направить:

- Администрации района в соответствие с целевым назначением на проведение ремонтных работ на объектах ЖКХ и соц.сферы в с.Гимры (пос.Временный).

**Статья 11. Вступление в силу настоящего Решения.**

Настоящее Решение вступает в силу с момента подписания.

**И.о.главы муниципального образования**
**И.Нурмагомедов**

*Приложение №18*
*к Решению Собрания депутатов Унцукульского района «О внесение изменений в Решение «О бюджете МО «Унцукульский район» на 2015 г. и плановый период 2016-2017 гг. от 29 декабря 2014 года №134» №142 от «18 « апреля 2015 г.*

*РАСПРЕДЕЛЕНИЕ*
*БЮДЖЕТНЫХ АССИГНОВАНИЙ ПО ВИДАМ ДОХОДОВ И ПО ПОЛУЧАТЕЛЯМ СРЕДСТВ РАЙОННОГО БЮДЖЕТА УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА НА 2015 Г.*

| *Наименование показателя Вед $Р_з$ ПР ЦСР ВР ЭКР* | *План утвержденный* | *План уточненный* | *отклонение* |
|---|---|---|---|
| ***I. ВСЕГО ДОХОДОВ 2015 года:*** | ***589 092,035*** | ***597 330,400*** | ***8 238,365*** |
| ***1. СОБСТВЕННЫЕ ДОХОДЫ РАЙОНА: 000 1 00 00000 00 0000 000*** | ***56 979,000*** | ***56 979,000*** | ***0,000*** |
| ***2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: 000 2 00 00000 00 0000 000*** | ***532 113,035*** | ***540 351,400*** | ***8 238,365*** |
| ***- дотации 000 2 02 01000 00 0000 151*** | ***87 138,000*** | ***87 138,000*** | ***0,000*** |
| ***- субсидии 000 2 02 02000 00 0000 151*** | ***15 839,385*** | ***16 099,162*** | ***259,777*** |
| ***- субвенции 000 2 02 03000 00 0000 151*** | ***429 084,900*** | ***429 084,900*** | ***0,000*** |
| ***- иные межбюджетные трансферты 001 2 02 04000 00 0000 151*** | ***50,750*** | ***8 029,338*** | ***7 978,588*** |
| II. РАСХОДЫ 2015 года: | 589 092,035 | 597 330,400 | 8 238,365 |
| 1.Райадминистрация | 106 833,355 | 115 071,720 | 8 238,365 |
| 2.Контрольно - счетная палата | 533,000 | 533,000 | 0,000 |
| 3.Собрание депутатов | 1 682,000 | 1 682,000 | 0,000 |
| 4.Управление финансов | 3 964,431 | 3 964,431 | 0,000 |
| 5. Отдел ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | 6 867,010 | 6 881,510 | 14,500 |
| 6. Отдел субсидий | 3 864,000 | 3 864,000 | 0,000 |
| 7. Управление образования | 4 189,822 | 3 979,072 | -210,750 |
| 8. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | 12 248,107 | 12 248,857 | 0,750 |
| 9. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | 13 727,712 | 13 728,462 | 0,750 |
| 10. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай: | 7 636,016 | 7 636,766 | 0,750 |
| 11. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры: | 10 782,844 | 10 783,594 | 0,750 |
| 12. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | 5 697,748 | 5 698,498 | 0,750 |
| 13. МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | 3 312,133 | 3 312,883 | 0,750 |
| 14. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | 3 436,731 | 3 437,481 | 0,750 |
| 15. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | 9 414,974 | 9 415,724 | 0,750 |
| 16. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала: | 17 142,945 | 17 143,695 | 0,750 |
| 17. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | 3 743,147 | 3 743,897 | 0,750 |
| 18. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | 5 417,182 | 5 417,932 | 0,750 |
| 19. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | 2 807,986 | 2 808,736 | 0,750 |
| 20. МКДОУ №13 «Гимринка» пос.Гимры | 2 547,993 | 2 548,743 | 0,750 |

*Продолжение приложения № 18 на 3 странице*

# РАСПРЕДЕЛЕНИЕ БЮДЖЕТНЫХ АССИГНОВАНИЙ ПО ВИДАМ ДОХОДОВ И ПО ПОЛУЧАТЕЛЯМ СРЕДСТВ РАЙОННОГО БЮДЖЕТА УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА НА 2015 Г.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 21. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | 27 326,269 | 27 332,019 | 5,750 |
| 22. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | 29 848,501 | 29 854,251 | 5,750 |
| 23. МКОУ «ЗСОШ « с.Зирани | 25 399,467 | 25 402,217 | 2,750 |
| 24. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | 16 242,743 | 16 245,493 | 2,750 |
| 25. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | 12 300,951 | 12 303,701 | 2,750 |
| 26. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | 22 620,734 | 22 623,484 | 2,750 |
| 27. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | 31 783,621 | 31 786,371 | 2,750 |
| 28. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | 12 249,019 | 12 254,769 | 5,750 |
| 29. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | 26 000,708 | 26 006,458 | 5,750 |
| 30. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | 11 979,500 | 12 012,250 | 32,750 |
| 31. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | 10 929,693 | 10 932,443 | 2,750 |
| 32. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | 51 842,496 | 51 844,496 | 2,000 |
| 33. МКОУ «ХСОШ « с.Харачи | 5 553,839 | 5 556,589 | 2,750 |
| 34. МКОУ «МСОШ « с.Моксох | 5 852,657 | 5 855,407 | 2,750 |
| 35. МКОУ «ИСОШ « с.Иштибури | 7 070,507 | 7 085,757 | 15,250 |
| 36. Ц/бухгалтерия МО «Унцукульский район» в системе образования | 3 270,837 | 3 285,337 | 14,500 |
| 37. РЦДОД с.Унцукуль | 7 122,492 | 7 123,242 | 0,750 |
| 38. ДДТ с.Гимры | 2 776,472 | 2 791,722 | 15,250 |
| 39. ДДТ п.Шамилькала | 3 256,149 | 3 270,649 | 14,500 |
| 40. ДЮСШ с. Унцукуль | 3 879,557 | 3 880,307 | 0,750 |
| 41. ДЮСШ с. Гимры | 4 631,004 | 4 646,254 | 15,250 |
| 42. ДЮСШ с. Балахани | 5 117,754 | 5 133,004 | 15,250 |
| 43. ЦДТ п. Шамилькала | 6 481,871 | 6 497,121 | 15,250 |
| 44. Школа искусств | 4 361,526 | 4 361,526 | 0,000 |
| 45. СЮТ с. Унцукуль | 5 459,410 | 5 459,410 | 0,000 |
| 46. Управление культуры | 19 885,122 | 19 885,122 | 0,000 |
| Всего по поселениям: | 58 832,000 | 58 832,000 | 0,000 |
| - МО «Село Ашильта» | 2 070,000 | 2 670,000 | 600,000 |
| - МО «Село Гимры» | 13 841,000 | 14 041,000 | 200,000 |
| - МО «Село Ирганай» | 2 450,000 | 3 350,000 | 900,000 |
| - МО «Село Харачи» | 1 292,000 | 1 592,000 | 300,000 |
| - МО «Село Цатаних» | 2 231,000 | 2 531,000 | 300,000 |
| - МО «Сельсовет Араканский» | 2 184,000 | 2 830,000 | 646,000 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 3 101,000 | 3 901,000 | 800,000 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 2 132,000 | 2 432,000 | 300,000 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 1 812,000 | 2 212,000 | 400,000 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 2 607,000 | 4 207,000 | 1 600,000 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 7 069,000 | 10 569,000 | 3 500,000 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 6 497,000 | 8 497,000 | 2 000,000 |
| - Резерв | 11 546,000 | 0,000 | -11 546,000 |

Военный комиссариат по Унцукульскому району сообщает

# Весенний призыв

Призыв на военную службу проводится в основном в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 11 ноября 2006 года № 663 «Об утверждении Положения о призыве на военную службу граждан РФ» и приказа Министра обороны РФ от 02.10.2007 года №400, а также федерального закона «О воинской обязанности и военной службе от 28 марта 1998 г. №53. Призывная комиссия состоится в год два раза;

- с 01. 04 по 15. 07 текущего года весенняя призывная комиссия.
- с 01. 10 по 31. 12 текущего года осенняя призывная комиссия. На призывную комиссию вызываются все граждане мужского пола не пребывающие в запасе и не имеющие отсрочку от призыва на военную службу в возрасте от 18 до 27 лет.

Призывникам, обучающимся в образовательных учреждениях необходимо прибыть на призывную комиссию со справкой, установленного образца приложение №2 к Перечню (п.3) для предоставления отсрочки на время учебы.

Призывникам, являющимся инвалидами, необходимо прибыть на призывную комиссию со справкой инвалидности с ТЭКА, выпиской из истории болезни, а также другие имеющиеся медицинские документы, характеризующее состояние здоровья, для принятия решения призывной комиссией о зачислении в запас.

На военную службу призываются и отправляются в войска в первую очередь граждане;

- граждане, признанные при мед. освидетельствовании «А» - годными к военной службе.
- граждане старших возрастов не просрочивающее срок паспорта во время военной службы.
- граждане, имеющихся высшее профессиональное и среднее - профессиональное образование.
- граждане, подготовленные по военно-учетным специальностям в образовательных учреждениях.

ДОСААФ России; водители категории «С», «D», «Е», а также имеющие родственный ВУС; сварщик, электрик, слесарь, фельдшер и т/д.

## Проводится отбор

**Отделом ВК РД по Унцукульскому району проводит ся отбор граждан для направления в Буйнакскую автошколу ДОСААФ России на подготовку водителей категории «С», «D».**

В автошколу направляют граждане мужского пола, не пребывающие в запасе и не имеющие отсрочку от призыва на военную службу в возрасте от 18 до 27 лет, признанных при мед. освидетельствовании «А» - годными к военной службе.

Учеба начинается с 01. 04. 15 года и 01. 09. 15г.

Курс обучения водителей категории «С» - 70 дней

Курс обучения водителей категории «D» - 50 дней

Им выплачиваются проездные и командировочные 100 рублей в сутки.

**Выписка из расчета наличии призывных ресурсов для выполнения нормы призыва на военную службу граждан 1988-1997 годов рождения в апреле-июле 2015 года в отделе ВК РД по Унцукульскому району.**

Всего в апреле-июле 2015 года призываются на военную службу по нашему району 20 призывников.

Из них:
- военно-воздушные силы -5 человек
- военно-морской флот – 5 человек
- резерв – 10 человек.

**Ш. Магомедов**
**Начальник отдела ВК РД по Унцукульскому району**

*Приложение №19*
*к Решению Собрания депутатов Унцукульского района«О внесение изменений в Решение «О бюджете МО «Унцукульский район» на 2015 г. и плановый период 2016-2017 гг. от 29 декабря 2014 года №134» № 142 от « 18 « апреля 2015 г.*

# РАСПРЕДЕЛЕНИЕ ПЕРЕХОДЯЩЕГО ОСТАТКА 2014 ГОДА ПО ВИДАМ ДОХОДОВ И ПО ПОЛУЧАТЕЛЯМ СРЕДСТВ РАЙОННОГО БЮДЖЕТА НА 01.01.2015 г.

| Наименование показателя | Вед Р $_з$ ПР ЦСР ВР ЕЭР | План уточненный |
|---|---|---|
| **I. ВСЕГО ПЕРЕХОДЯЩИЙ ОСТАТОК НА 01.01.2015 года:** | | 10 090,233 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ: | 000 1 00 00000 00 0000 000 | 1 578,233 |
| - муниципального района | | 1 578,233 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: | 000 2 00 00000 00 0000 000 | 8 512,00 |
| Дотация (недофинансированная в 2014 году) | 000 2 02 02000 00 0000 151 | 8 512,000 |
| **I. РАСХОДЫ за счет переходящего остатка на 01.01.2015 г.:** | | 10 092,23 |
| 1.Райадминистрация | | 9 682 |
| 2. МКОУ УСОШ №1 с.Унцукуль | | 26 |
| 2. МКОУ УСОШ №2 с.Унцукуль | | 26 |
| 4. МКОУ МСОШ с.Зирани | | 26 |
| 5. МКОУ АСОШ с.Ашильта | | 24 |
| 6. МКОУ КСОШ с.Кахабросо | | 24 |
| 7. МКОУ БСОШ с.Балахани | | 24 |
| 8. МКОУ ГСОШ с.Гимры | | 24 |
| 9. МКОУ ЦСОШ с.Цатаних | | 29 |
| 10. МКОУ ИСОШ с.Ирганай | | 24 |
| 2. МКОУ АСОШ с.Аракани | | 26 |
| 2. МКОУ ГпСОШ п.Гимры | | 24 |
| 2. МКОУ ШСОШ п.Шамилькала | | ***105*** |
| 2. МКОУ ХСОШ с.Харачи | | ***10*** |
| 2. МКОУ МООШ с.Моксох | | ***10*** |
| 2. МКОУ ИООШ с.Иштибури | | ***8*** |

## Исполнение доходной и расходной части бюджета муниципального района за счет налогов

| *Наименование показателя* | Вед | Р $_з$ | ПР | ЦСР | ВР | ЭКР | *План уточненный* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| *1* | *2* | *3* | *4* | *5* | *6* | *7* | *9* |
| ВСЕГО ДОХОДЫ: | | | | | | | ***1 578,233*** |
| НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ РАЙОНА | ***000 1 00 00000 00 0000 000*** | | | | | | ***1 578,233*** |
| | | | | | | | |
| Наименование показателя | Вед | Р $_з$ | ПР | ЦСР | ВР | ЭКР | ***План уточненный*** |
| 1 | *2* | *3* | *4* | *5* | *6* | *7* | *9* |
| РАСХОДЫ ЗА СЧЕТ НАЛОГОВЫХ И НЕНАЛ.ДОХОДОВ РАЙОНА | | | | | | | 1 578,233 |
| 1. АДМИНИСТРАЦИЯ МО «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН» | 001 | | | | | | 1 170,233 |
| | 001 | 00 | 00 | 0000000 | 000 | | 1 170,233 |
| Увеличение стоимости материальных запасов | 001 | 01 | 04 | 0020400 | 244 | 310 | 300,000 |
| Капитальный ремонт здания и помещений | 001 | 08 | 01 | 4409900 | 244 | 225 | 870,233 |
| 2. МКОУ УСОШ №1 с.Унцукуль | ***001*** | | | | | | 26,000 |
| Фонд всеобуча | 001 | 07 | 02 | 4219900 | 321 | 262 | 26,000 |
| 2. МКОУ УСОШ №2 с.Унцукуль | 001 | | | | | | 26,000 |
| Фонд всеобуча | ***001*** | ***07*** | ***02*** | ***4219900*** | ***321*** | ***262*** | 26,000 |
| 4. МКОУ МСОШ с.Зирани | ***001*** | | | | | | ***24,000*** |
| Фонд всеобуча | ***001*** | ***07*** | ***02*** | ***4219900*** | ***321*** | ***262*** | ***26,000*** |
| 5. МКОУ АСОШ с.Ашильта | ***001*** | | | | | | ***24,000*** |
| Фонд всеобуча | ***001*** | ***07*** | ***02*** | ***4219900*** | ***321*** | ***262*** | ***24,000*** |
| 6. МКОУ КСОШ с.Кахабросо | ***001*** | | | | | | ***24,000*** |
| Фонд всеобуча | ***001*** | ***07*** | ***02*** | ***4219900*** | ***321*** | ***262*** | ***22,000*** |
| 7. МКОУ БСОШ с.Балахани | ***001*** | | | | | | ***24,000*** |
| Фонд всеобуча | ***001*** | ***07*** | ***02*** | ***4219900*** | ***321*** | ***262*** | ***24,000*** |
| 8. МКОУ ГСОШ с.Гимры | ***001*** | | | | | | ***29,000*** |
| Фонд всеобуча | ***001*** | ***07*** | ***02*** | ***4219900*** | ***321*** | ***262*** | ***29,000*** |
| 9. МКОУ ЦСОШ с.Цатаних | ***001*** | | | | | | ***24,000*** |
| Фонд всеобуча | ***001*** | ***07*** | ***02*** | ***4219900*** | ***321*** | ***262*** | ***24,000*** |
| 10. МКОУ ИСОШ с. Ирганай | ***001*** | | | | | | ***26,000*** |

*Продолжение на 4 странице*

## Исполнение доходной и расходной части бюджета муниципального района за счет налогов

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Фонд всеобуча | *001* | *07* | *02* | *4219900* | *321* | *262* | 26,000 |
| 2. МКОУ АСОШ с.Аракани | *001* | | | | | | 24,000 |
| Фонд всеобуча | *001* | *07* | *02* | *4219900* | *321* | *262* | 24,000 |
| 2. МКОУ ГпСОШ п.Гимры | *001* | | | | | | 24,000 |
| Фонд всеобуча | *001* | *07* | *02* | *4219900* | *321* | *262* | 24,000 |
| 2. МКОУ ШСОШ п.Шамилькала | *001* | | | | | | 105,000 |
| Фонд всеобуча | *001* | *07* | *02* | *4219900* | *321* | *262* | 105,000 |
| 2. МКОУ ХСОШ с. Харачи | *001* | | | | | | 10,000 |
| Фонд всеобуча | *001* | *07* | *02* | *4219900* | *321* | *262* | 10,000 |
| 2. МКОУ МООШ с.Моксох | *001* | | | | | | 10,000 |
| Фонд всеобуча | *001* | *07* | *02* | *4219900* | *321* | *262* | 10,000 |
| 2. МКОУ ИООШ с.Иштибури | *001* | | | | | | 8,000 |
| Фонд всеобуча | *001* | *07* | *02* | *4219900* | *321* | *262* | 8,000 |

## РАСХОДЫ ЗА СЧЕТ ДОТАЦИИ (недофинансированной в 2014 году)

| *Наименование показателя* | *Вед* | *Рз* | *ПР* | *ЦСР* | *ЭКР* | *План уточненный* |
|---|---|---|---|---|---|---|
| *1* | *2* | *3* | *4* | *5* | *6* | *7* |
| *Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности муниципального района* | | | | | | *8 512,000* |
| *РАСХОДЫ ВСЕГО:* | | | | | | *8 512,000* |
| *1. АДМИНИСТРАЦИЯ МО «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»* | *001* | | | | | *8 512,000* |
| *Капитальный ремонт здания и помещений* | *001* | *08* | *01* | *4409900* | *244* | *225* *8 512,000* |

# Чанги ралагьана хвалда бадире

ВатIанияб рагъул гIахьалчи хIисабалда дуда бихьаталъул бице,-ян нижеца гьаридал, тIамуге дир лъимал, дун балагьаб заман ракIалде щвезабизе, херлъараб къоялъ цIакъ захIмат бугин Гитлерил вахIшиял хъамалчагIаз нилъер халкъалда гьабураб зулмуялъул ракIалде щвезабизе,-ян мукIурлъулев вукIинчIо Рихьуни росулъа КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи АхIмад ГIадалаев.

Советияб Армиялда хъулухъ гьабизе Львовалде ккана АхIмад. Дагьалго моцIал ун рукIана хъулухъалъул, вукIана пограничниклъун, тIубазабулаан шоферасул ишги. I94I соналъул 22 июнь, хIалхьиялъул гIадатияб къо, радал мех. Цоцо солдатал рукIана гьумер-кIал чурулел, цоял радалисеб зарядка гьабулел, лъабабилел къасисел пограничникал хисизе ине хIадурлъулел. РакIалдаго гьечIого бакIалъулаб радиоялдасан «гIин тIаме»,-ян байбихьигун кьолеб передачаялъ щивав тIубазабулеб ишги тун цIорон эхетун хутIана. Радипередача лъугIилалдего солдатал кьералда чIезе буюрухъ кьуна командирас. Заманго иналде Львовалда тIад роржанхъизе лъугьана фашистазул самолетал.

Ракълие гьабураб къотIиги хвезабун, хиянатаб куцалда фашистал тIаде кIанцIиялъ захIматаб ахIвал-хIалалде ккезабуна нилъер улка. I94I-I942 сонazда тушманас чIунтизаруна гIемерал шагьарал, чIвалел рукIана гIайибго гьечIел гIадамал. Байбихьуда рагъде гIураб хIадурлъи гьечIолъиялъ, нилъ нахъе къазе кколел рукIана, амма тушманасде дандечIей киса-кибго букIана. Самолетаз зама-заманалдасан тIаде ралел рукIана бомбаби. Львовалде рагъ щвана 27 июналда. ХIалуцарал рукIана Львовалда, Киевалда, Новгородалда ккарал рагъал. Рагъ тIаде щварал бакIаздаса бакъбаккудехун поездал цIун ритIулел рукIана лъимал, херал. Заманго иналде щущазаруна гьел шагьарал. Сверун ккун букIана жеги Новгорорд. ГIассияб рагъдаса хадуб гьеб шагьарги немцаз бахъана. Обинский овреч абулеб бакIалда сверун ккун букIана АхIмад вагъулеб рота, букIинчIо гулла-хер, кванaзе жо. Гьенив лъукъана АхIмад ва ккана пленлъун. Немцаз пленалъ ккурал гьал рачунел рукIана церехун.

-Ракълилаб гIумруялдаги кинго кIочене кIоларо гьеб пасатаб заманалъул гIассиял суратал,-ян ракIалде щвезабулаан АхIмадица. – ГIемерисел лъукъарал, кванaзе жо щвечIого чорхолъа рухI арал нижеда нухда унагоги гитлерилаз вахIшияб зулму гьабулаан. Рилъанхъизе кIвечIого нахъа хутIани тункIил хъундагъалъ церехун тункулаан, гIодор ккани малаца рухулаан. Гьедин рачунел нижеда нухда ратулаан гIакъуба кьун чIварал, гIурдузда ран гъанкъарал гIадамал. Ниж щвана Полтаваялде концлагералде. Бицине хIал кIвеларо гьениб нилъер гIадамазе кьураб гIакъубаялъул. Нижее кванaзе кьолаан чIакIултIан, хъабахъ, капуста, тIокIаб щибго жо цадахъ гьечIого. Концлагералда ба ккана дизентерия, цоги батIи-батIиял унтаби. Къоялда жаниб лъабкъогояде гIагарун чи холаан. Хваразда бахиллъун рукIунаан ниж, амма ВатIаналда цебе хилиплъичIолъи лъазе гIоло, чIаго хутIизе хьулги букIана. Цо сордоялъ Полтаваялде нилъер самолетаз гIарада бана, нижее лъутизе рес щвана амма битI ккечIо, нахъеги ккуна немцаз. Гьелдаса хадуб гIемераб заманго иналде БагIараб Армиялъ ниж эркен гьаруна.



Хасал цIех-рехаздаса ва медицинаялъул хал гьарияздаса хадуб фашистаз кьураб гIакъубаялъ загIиплъарал гьал цо моцIалъ лъикIаб квен кьун, хасаб медицинаялъул бербалагьиялда гъоркь рукIана. Гьелдаса хадубги АхIамад ва гьелгун цадахъ рукIарал гIемерисел солдатал тIад руссана часталде.

I943 соналда нилъер аскарал тIолабго къуват бакIарун тIаделъана Советияб ракьалдаса фашистазул хъамалчагIи рачахъиялъе гIоло. Шоферлъунги хIалтIулаго АхIмадица гулла-хер, квен-тIех чIезабулаан Белоруссиялъул тIоцебесеб фронталъул I9 бригадаялъулаб танказулаб часталда хадуб. Фащистазул концлагералда чанго нухалъ хвалде бадире ралагьарал гьел бокьараб бакIалда дандчIвазе бегьулеб хвалил санги гьабичIого гьужумалъ унаан ва жидедаго тIад вахIшияв тушманас гьабураб зулму бахIарчиго бецIулаан.

- Цо нухалъ,-ян ракIалде щвезабуна АхIмадица,- гIалхулал гIадал ракIал лъугьарал чангояс цо лъукъарав фашист хадув вехъерхъулев вукIана. ГТАялъул танкабазул аскаразул гвардиялъул командир, кIицIулго Совет Союзалъул БахIарчи Катуковас, рагъулаб Советалъул член танказулаб аскаразулав генерал Попилиница дандеги гьарун гьеб вахIшилъи нилъеда рекъоларин лъазабуна, амма нижеего кьураб гIакъубаялъул рецIел гьездаса босичIого тей, гIолохъабазе къабуллъулароан. Нижеца эркен гьарурал Украиналъул ва Белоруссиялъул росабалъгун шагьаразда дандчIварал гIадамаз жидедаго фашистаз гьабураб зулмуялъул бицаралъги гIассилъизарулаан тушманасдехун нижер ццим. Рокъобе кагъат хъваларoан жакъа чIаго вугониги метер хвезе бегьулилан.

Белоруссиялъул фронталъул бетIерав командир лъун вукIана, Совет Союзалъул ункъцIулго БахIарчи, СССРалъул Верховный командованиялъул вакил Г. К. Жуков. I945 соналъул I7 апрелалда Эльба гIурул рагIалда гьев кIалъазе вахъана гьазул часталда цеве… - Нилъ бергьенлъиялде гIагарлъун руго, гьалмагъзаби, гIицIго церехун!-абун лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай. «Жуковасул бацIалилан» цIар лъун букIана гьеб мехалъ гьазул танказул часталда немцаз. I945 соналъул кIиабилеб маялъ байбихьараб бакIалде, Берлиналде щвезабуна гьаз рагъ, кьуна гьениб Бергьенлъиялъул салют.

- Кутакаб рохел букIана нижер ракIазулъ гьел къояз,-ян лъугIизабуна херас хабар.

Гьедин I94I-I945 соназда Львовалдаса Берлиналде щвезегIан рагъулаб нух нахъа тана АхIмадица. Гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гIемерал шапакъатал кьун рук1ана ГIадалаевасе, гьесул руго «За отвагу», «За взятие Берлина», «За боевые заслуги», «За победу над Германией» ва цогидалги медалал, Сталинил цIар гъоркь хъварал грамотаби, баркиялъул кагътал.

*С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.*

# «Бадиб магIу хулараб» букIана праздник

## (Районалда - Бергьенлъиялъул къо)

КIалъана районалъул ветераназул Советалъул пред. С. МухIамадов, ветеранал М. ХIажиев, М. МуртазагIалиев, ра-гъулав комиссар Ш. МухIамадов, аскарияв Н. Манасов. Праздник баркана «Солнышко» ясли-ахалъул гьитIичаз. Байрамалда кIудияб махщалида «Рагъулбайбихьи»,- абураб литературиябгун музыкалияб композиция бихьизабуна Шамильхъалаялъул школалъул цIалдохъабаз, М-З. ГIабдулманаповасул хIакъалъулъ гьединабго композиция бихьизабуна Унсоколо №1 школалъул







цIалдохъабазги. Ахиралда ахIана «Бергьенлъиялъул къо»,-абураб кечI кIудияб асаралда гъоркь .

***Гьаб Бергьенлъиялъул къо***
***Бух1араб мах1 бахъараб,***
***Гьаб праздник,***
***Къунщбузда хъахIаб рас баккараб.***
***Гьаб роххел,***
***Бадиб магIу ххулараб.***
***Бергьенлъиялъул къо!***
***Бергьенлъиялъул къо!***
***Бергьенлъиялъул къо***!,-

ян ахIулеб букIана тIубараб майданалъго. Аскарияз 70 нухалъ кьуна Бергьенлъиялъул салют, цIалдохъабаз гьаваялде роржине риччана 70 Бергьенлъиялъул шар, букIана кIудияб концерт.

ЛъугIана КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялде гьабулеб цIикIкIараб хIалтIиги, гьайбатаб тадбирги. Районалда гьеб ана киса-кибего гIадин щивасул бадиб магIу хулун, щивав чIварав ракIалде щун, чIаго хутIаразе рецц гьабун, рохелги магIуги жубараб ахIвал-хIалалда.



# Рагъулаб нух лъазабуна

Тадбиралда цIалдохъабаз чIван къотIун бицунел рукIана ХI. ГъазимухIамадовас нахъа тараб рагъулаб нухалъул гуребги, гьес фашистал хъамулаго нахъа тарал пачалихъазул ва рагъул рахъалъ цере лъаларел рукIарал лъугьа-бахъиназул, тIад вуссун хадусеб педагогическияб нухалъулги. 36 сонил гIумруялда нилъедаса ватIалъана гьев. Гьенибго бихьизабулеб букIана видеоматериал. I0 шапакъат щун бугоан гIицIго рагъул нухазда ХIасан Гъазимух1амадовасе.

Данделъиялда кIалъана ХI. ГъазимухIамадовасул вас Гъ. ГъазимухIамадов, яс С. ГъазимухIамадова, гIагарай гIадан С. КъебедмухIамадова, ХIасан ГъазимухIамадовасул цIалдохъан С. ГIабдурахIманова, райОНОялъул хIалтIухъан С. ГIабдурахIманова, поселокалъул администрациялъул бетIер Р. ХIусейнов. Гьез баркала кьуна къокъаб гIумруялда кIудияб рагъулабгун захIматалъул нух нахъа тарав солдатасул къисмат лъазабулаго цIалдохъабаз гьабураб жигараб хIалтIухъ ва гьеб иш жеги гIатIидго цебе бачине лъикIаб букIинаанин бихьизабуна гьениб.

Балахьунисан хъвалеб буго

# *Бергьенлъигун тIад руссана*

**Апрель моцIалъул ахиралда, Буйнакск шагьаралда ДЮСШалда куцулел спортсменазда гьоркьоб тIобитIараб столалда тIад теннис хIаялъул рагьараб чемпионаталда гIахьаллъарав лъеберго спортсменасда гьоркьоб Балахьуни росдал ДЮСШалъулаз тIоцересел бакIал ккуна. Спортсменал рикьун рукIана кIиго батIияб къокъаялде (группа): тIоцебесеб-I999-200I соназ гьарурал, кIиабилеб къокъа - 2002 ва тIадехун соназ гьарурал. ТIоцебесеб къокъаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана МухIамадтIагьир МухIамадовасе, кIиабилеб къокъаялда I,II,III бакIал ккуна Расул Пахрудиновас, ХIамзат МухIамадовас ва МухIамад АхIмадхановас. Теннисистал къецалде хIадур гьаруна тренер Якъуб ГIабдулвагьабовас. Баркула бергьенлъи белехьдерида!**

# *Волейболалъул къецал*

**Волейбол ккола белехьдерил бищунго бокьулеб спорталъул тайпа. Гьал ахирал саназ столалда тIад теннис хIаялдаги тIадегIанал хIасилал рихьизаруна росдал ДЮСШалъулаз республикаялъул даражаялда тIоритIулел къецазда. Лъабабилеб маялда Балахьуни росдал спортивияб залалда бтергьенлъиялъул къоялде сайгъат гьабун тIобитIана росулъ тIосебесеб бакIалъе гIоло микьго команда гIахьаллъараб волейбол хIалезул къецал. Къецал тIоритIиялъе хIаракатчилъи бихьизабуна Каримула ХIусеновас, гьес ралагьана гьелъие спонсоралги. Къецазда г1ахьалъана хадусел росдал авалазул командаби: «Магъилъ», «ГьичIокъор», «ГьорокIкIал», »ТIасияб авал», «Гъоркьияб авал», «Ветеранал», цIалдохъабазул команда, полициялъул заманалъулаб отделалъул команда ва цогидалги. ХIалуцарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIги ккун призалъе бихьизабун букIараб кIибагьаб куй щвана «ГьичIокъор» авалалъул командаялъе (кап. М. Устаров), кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана «Гъоркьияб авалалъул» команда (кап. Н. АхIмадов), лъабабилеб бакI щвана «ТIасияб авалалъул» спортсменазе (кап. М. Мусаев). Судьябазул коллегиялъ сайгъатал кьезе рихьизаруна: бищунго лъикIав гьужумалъулав Шамил КъутIбудинов, распассовщик МухIамад МухIамадов, защитник МухIамад МухIамадов, кинабго рахъалъ лъикIавлъун рикIкIана (лучший игрок) Рамазан МухIамадов.**

**Къецал берцинго иналъе квербакъана бетIерав судья ХIажимурад АхIмадхановас. ГIарцудалъун кумек гьабуна росоцоял: АхIмад АхIмадовас ва ООО «СССРалъул» хIалтIухъан Рашид Шарапудиновас ги. Росоцояз ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго гьел сахаватал гIадамазе**

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.**

Районалъул «Ахихъан» газеталъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго Унсоколо росулъа ГIабдулаева ПатIиматида ва тIолабго гIагарлъиялда нагагьаб балагьалдалъун гьелъул яц, киназего кумек кIудияй инсан

**Умаразият**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -14 . 5. 15 г. 16.30
фактически -117.20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.